


# SEZIM KATEGORIYASÍN BILDIRIWShI FRAZEOLOGIYALÍQ BIRLIKLERDIŃ MÁNIS-MAZMUNÍ

**Baymuratova Arzıgúl Perdebay qızı**
Innovaciyalıq texnologiyalar universiteti oqıtıwshısı
a.baymuratova@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.20758314

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 13-iyun 2026 yil
Ma'qullandi: 16- iyun 2026 yil
Nashr qilindi: 19- iyun 2026 yil

**KEYWORDS**
*frazeologizm, sezim kategoriyası, máni-mazmun, semantika, sezim-tuyǵı, emocionallıq-ekspressivlik, frazeologiyalıq birlik, ruwxıy jaǵday, obrazlılıq, qaraqalpaq tili.*

**ABSTRACT**
*Maqalada sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologiyalıq birliklerdiń mánis-mazmunı tallanadı. Frazeologizmler quramında ańlatılǵan quwanısh, qayǵı, qorqıw, albırawshılıq, tınıshsızlanıw hám basqa da sezimlik jaǵdaylardıń semantikalıq ózgeshelikleri sáwlelendiriledi. Sonday-aq, sezim mánisin bildiriwshi frazeologiyalıq birliklerdiń emocionallıq-ekspressivlik imkaniyatları hám olardıń sóylewdegi funkcional áhmieti anıqlanadı. Izertlew nátiyjeleri seziw kategoriyasınıń til sistemasındaǵı sáwleleniw usılların ashıp beriwge xızmet etedi.*

**KIRISIW**

Insannıń ishki keshirmeleri, ruwxıy jaǵdayı hám sezimlik qatnasları til arqalı kórinetuǵın eń quramalı qubılıslardan biri bolıp esaplanadı. Hárbir xalıq óziniń tariyxıy tájiriybesi, mádeniy qádiriyatları hám dúnyaqarasına súyengen halda insan sezimlerin bildiriwdiń ózine tán lingvistikalıq quralların jaratqan. Áne usınday qurallar arasında frazeologiyalıq birlikler ayrıqsha orın tutadı. Frazeologizmler xalıqtıń kóp ásirlik turmıslıq tájiriybesiniń jemisi sıpatında qáliplesip, insannıń quwanıshı, qayǵısı, qorqınıshı, tolqınıwı, táshwishi hám basqa da ruwxıy jaǵdayların obrazlı hám tásirsheń túrde bildiriw múmkinshiligine iye.

Til biliminde seziw kategoriyası insannıń haqıyqatlıqqa hám hádiyselerge bolǵan sezimlik qatnasın sáwlelendiriwshi áhmiyetli semantikalıq kategoriya sıpatında qaraladı. Bul kategoriya tildiń hár qıylı dárejelerinde kórinse de, onıń eń ayqın sáwleleniwi frazeologiyalıq birliklerde baqlanadı. Sebebi frazeologizmler ápiwayı nominaciyalıq mánis penen sheklenip qalmastan, emocionallıq-ekspressivlik boyawshılıq, bahalawshılıq hám obrazlılıq sıyaqlı ózgesheliklerdi de ózinde jámleydi. Sol sebepli olar insan ruwxıy dúnyasın sáwlelendiriwde nátiyjeli qural esaplanadı.

Qaraqalpaq tilinde sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologiyalıq birlikler ráńbáreń semantikalıq qurılısqa iye bolıp, olar xalıqtıń milliy oy-pikiri, mádeniyatı hám ruwxıy qádiriyatları menen tıǵız baylanıslı. Bunday birliklerdiń mánis-mazmunın úyreniw tek frazeologiyanıń teoriyalıq máselelerin sáwlelendiriwge ǵana emes, al xalıqtıń emocionallıq dúnyasın bildiriwge xızmet etetuǵın lingvistikalıq mexanizmlerdi anıqlawǵa da múmkinshilik beredi. Maqalanıń maqseti qaraqalpaq tilinde sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologiyalıq birliklerdiń mánis-mazmunın tallaw, olardıń semantikalıq toparların anıqlaw jáne

emocionallıq-ekspressivlik ózgesheliklerin sáwlelendiriwden ibarat. Izertlew nátiyjeleri frazeologiyalıq birliklerdiń semantikalıq tábiyatın tereńirek ańlaw hám sezim kategoriyasınıń til sistemasındaǵı ornın belgilewge xızmet etedi.

## ÁDEBIYATLAR ANALIZI

Túrkiy tiller frazeologiyasın úyreniw boyınsha kóplegen ilimiy izertlewler alıp barılǵan bolıp, olar frazeologiyalıq birliklerdiń semantikalıq, strukturalıq hám stillik ózgesheliklerin sáwlelendiriwge xızmet etken. Qaraqalpaq til biliminde de frazeologiya máseleleri ayrıqsha baǵdar sıpatında qáliplesip, bul baǵdarda bir qatar ilimiy miynetler jaratılǵan. E. Berdimuratovtıń "Házirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya" [1] (1994) miynetinde qaraqalpaq tiliniń leksikalıq quramı, turaqlı dizbekler hám frazeologiyalıq birliklerdiń til sistemasındaǵı ornı haqqında áhmietli teoriyalıq kózqaraslar bayan etilgen. Ilimpaz frazeologiyalıq birliklerdi xalıqtıń tariyxıy tájiriybesi hám milliy oy-pikiriniń jemisi sıpatında bahalap, olardıń semantikalıq ózgesheliklerine ayrıqsha itibar qaratadı. J. Eshbaevtıń "Qaraqalpaq tiliniń qısqasha frazeologiyalıq sózligi" [2] (1985) qaraqalpaq frazeologiyasın úyreniwde áhmiyetli dereklerden biri bolıp esaplanadı. Sózlikte qaraqalpaq tilindegi kóplegen frazeologiyalıq birlikler jámlengen bolıp, olardıń mánileri hám qollanılıw ózgeshelikleri túsindirilgen. Bul derek sezim mánisin bildiretuǵın frazeologiyalıq birliklerdi anıqlaw hám tallawda áhmiyetli ámeliy tiykar bolıp xızmet etedi.

Frazeologiyanıń teoriyalıq máseleleri rus til biliminde de keńnen izertlengen. Atap aytqanda, V.Jukovtıń "Russkaya frazeologiya" [3] (1986) miynetinde frazeologiyalıq birliklerdiń semantikalıq pútinligi, obrazlılıǵı hám ekspressivligi máseleleri sáwlelendirilgen. Avtor frazeologizmlerdiń máni qáliplesiw mexanizmlerin tallap, olardıń emocionallıq-ekspressivlik imkaniyatların kórsetip bergen. Túrkiy tiller frazeologiyasın izertlewde S. Keńesbaevtıń "Qazaq tiliniń frazeologiyalıq sózligi" [4] (1973) ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul sózlik qazaq tilindegi frazeologiyalıq birliklerdiń semantikalıq baylıǵın kórsetip, túrkiy tillerdegi frazeologiyalıq qubılıslardı salıstırmalı úyreniw ushın áhmietli derek wazıypasın atqaradı. X. Qojaqmetovanıń "Frazeologizmlerdiń kórkem ádebiyette qollanılıwı" [5] (1972) miynetinde frazeologizmlerdiń kórkem ádebiyattaǵı stillik hám emocionallıq-ekspressivlik imkaniyatları izertlengen. Avtor frazeologiyalıq birliklerdiń obraz jaratıwdaǵı ornın hám insannıń sezimlik keshirmelerin bildiriwdegi áhmiyetin kórsetip bergen.

Analizlengen ilimiy derekler frazeologiyalıq birliklerdiń semantikalıq tábiyatı, emocionallıq-ekspressivlik ózgeshelikleri hám stillik imkaniyatları hár qılı táreplerden úyrenilgenligin kórsetedi. Biraq sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologiyalıq birliklerdiń mánis-mazmunı máselesi qaraqalpaq til biliminde arnawlı izertlew obyekti sıpatında jeterli dárejede sáwlelendirilmegen. Sol sebepli bul izertlewde sezim mánisin bildiretuǵın frazeologiyalıq birliklerdiń semantikalıq mazmunı hám olardıń til sistemasındaǵı ornın anıqlaw áhmiyetli ilimiy másele sıpatında qaraladı.

## NÁTIYJELER HÁM TALQÍLAW

Izertlew procesinde qaraqalpaq tilindegi sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologiyalıq birlikler semantikalıq jaqtan tallandı hám olardıń mánis-mazmunı bir neshe toparlarǵa ajıratıldı. Tallawlar sonı kórsetti, sezim mánisin bildiriwshi frazeologizmler insannıń ishki keshirmeleri, ruwxıy jaǵdayı hám haqıyqatlıqqa bolǵan emocionallıq qatnasın bildiriwshi áhmiyetli til birlikleri bolıp esaplanadı. Olardıń kópshiligi kóshpeli máni tiykarında qáliplesip, xalıqtıń milliy oy-pikirin, mádeniyatın hám dúnyaǵa kózqarasın sáwlelendiredi.

Frazeologiyalıq birliklerdiń semantikalıq qurılısın úyreniw nátiyjesinde sezim kategoriyası menen baylanıslı frazeologizmlerdi shártli túrde quwanısh, qayǵı, qorqıw, tolqınlanıw, táshwish hám tańlanıw mánilerin bildiretuǵın toparlarǵa ajıratıw múmkin ekenligi anıqlandı.

Birinshi gezekte quwanısh hám qanaatlanıwshılıq mánisin bildiretuǵın frazeologizmler óz aldına topardı quraydı. Bunday birlikler insannıń ruwxıy kóterińki jaǵdayın, arzıw-niyetleriniń ámelge asqanlıǵın yamasa unamlı waqıya-hádiyselerge bolǵan múnásibetin sáwlelendiredi. Máselen, **kewli kókke jetiw**, **júregi jarılıp ketiw**, **tóbesi kókke jetiw** sıyaqlı frazeologiyalıq birlikler oǵada kúshli quwanısh sezimin ańlatadı. Bul birliklerdiń semantikalıq orayında insannıń ádettegi ruwxıy jaǵdaydan joqarı dárejedegi emocionallıq jaǵdayǵa kóteriliwi jatadı. Ásirese, **"kókke jetiw"** komponenti xalıq qıyalında baxıt hám qanaatlanıwshılıqtıń eń joqarı noqatı sıpatında talqılanadı.

Talqılawlar nátiyjesinde quwanısh mánisin bildiretuǵın frazeologizmlerde giperbola usılınıń keńnen qollanılatuǵınlıǵı anıqlandı. Bunday birlikler real jaǵdaydan kúshlirek emocional tásirdi júzege keltiriwge xızmet etedi. Nátiyjede sóylewdiń obrazlılıǵı hám tásirsheńligi artadı.

Sezim kategoriyasınıń jáne bir áhmiyetli toparı qayǵı hám azap-aqıret mánisin bildiretuǵın frazeologizmlerden ibarat. Bul birlikler insannıń ruwxıy túskinligi, azap shegiwi yamasa awır keshirmelerin bildiriwge xızmet etedi. Sonıń ishinde, **júregi eziliw, kewline qara bult úymelew, ishi kúyiw, júregine awır tiyiw** sıyaqlı frazeologizmler qayǵı hám ıza seziminiń túrli dárejelerin sáwlelendiredi. Bul birliklerde qayǵı halatı kóbinese júrek, kewil hám ishki keshirmeler menen baylanıslı obrazlar arqalı ańlatıladı.

Baqlawlar sonı kórsetedi, unamsız sezimlerdi bildiriwshi frazeologizmler san jaǵınan unamlı sezimlerdi bildiriwshi birliklerge qaraǵanda kóbirek ushırasadı. Bul bolsa xalıq turmısındaǵı quramalı sociallıq hám turmıslıq waqıyalardıń tilge kúshlirek tásir etkenligin ańlatadı.

Qorqıw hám hawlıqpa mánisin bildiretuǵın frazeologizmler de sezim kategoriyasınıń áhmietli bólegin quraydı. Máselen, **ókpesi awzına keliw, esi shıǵıp ketiw, denesi muzlaw, qanı qashıw** sıyaqlı birlikler kútilmegen hádiyseler nátiyjesinde júzege keletuǵın ruwxıy jaǵdaylardı ańlatadı. Bul frazeologizmlerde qorqıwdıń fiziologiyalıq belgilerine tiykarlanǵan obrazlar qollanılǵan. Bul bolsa insan sezimleriniń dene agzaları arqalı ańlanıwı menen baylanıslı.

Ásirese, "júrek" komponenti qatnasqan frazeologizmler sezim kategoriyasın bildiriwde eń belsendi birlikler qatarına kiredi. Izertlew dawamında anıqlanıwınsha, júrek obrazı quwanısh, qayǵı, qorqıw hám tolqınlanıw sıyaqlı hár qıylı sezimlik jaǵdaylardıń oraylıq bildiriw quralı sıpatında xızmet etedi. Bul jaǵday túrkiy tillerge tán ulıwma lingvokulturallıq ózgeshelik sıpatında bahalanıwı múmkin.

Tolqınlanıw hám tınıshsızlanıw mánisin bildiretuǵın frazeologizmler de úlken topardı quraydı. Sonıń ishinde, **kewli ornın tappay, tınıshın joǵaltıw, júregi talpınıw** sıyaqlı birlikler insannıń ishki tınıshsızlanıwın hám ruwxıy qıyınshılıǵın ańlatadı. Bunday frazeologizmler kóbinese belgili bir waqıyanı kútiw, qáweterleniw yamasa juwapkershilik sezimi menen baylanıslı jaǵdaylardı sáwlelendiredi.

Izertlew nátiyjeleri sonı kórsetedi, sezim mánisin bildiriwshi frazeologizmlerdiń kópshiligi somatikalıq xarakterge iye. Yaǵnıy olardıń quramında júrek, kewil, kóz, bas, qan

sıyaqlı insan organizmi menen baylanıslı komponentler belsene qatnasadı. Bul bolsa xalıqtıń sezimlik jaǵdaylardı dene aǵzaları arqalı konceptuallastırıwǵa beyimligin kórsetedi.

Frazeologiyalıq birliklerdiń mánis-mazmunın tallaw dawamında metafora hám metonimiya qubılıslarınıń áhmiyetli orın iyeleytuǵını da anıqlandı. Máselen, kewline qara bult júriw frazeologizminde qayǵı jaǵdayı qara bult obrazı arqalı metaforalıq túrde ańlatılǵan. Tap sol sıyaqlı, júregi awzına keliw sózinde qorqıw sezimi júrektiń ádettegi jaǵdaydan shıǵıp ketiwi arqalı súwretlengen. Sonday-aq sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologizmler xalıqtıń milliy-mádeniy kózqarasların da sáwlelendiredi. Olar arqalı xalıqtıń jaqsılıq hám jamanlıq, quwanısh hám qayǵı, úmit hám qáweter haqqındaǵı túsinikleri kórsetiledi. Usı jaǵınan bunday birlikler tek ǵana lingvistikalıq emes, al lingvokulturologiyalıq áhmiyetke de iye bolıp tabıladı.

Alınǵan nátiyjeler J. Eshbaev, E. Berdimuratov, S. Keńesbaev hám V.Jukovlardıń frazeologiyalıq birliklerdiń semantikalıq tábiyatı haqqındaǵı ilimiy kózqarasların tastıyıqlaydı. Izertlew dawamında anıqlanǵan maǵlıwmatlar frazeologizmlerdiń emocionallıq-ekspressivlik imkaniyatlarınıń júdá keń ekenligin hám olar insannıń ruwxıy dúnyasın bildiriwde áhmiyetli qural bolıp xızmet etetuǵınının kórsetti. Demek, sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologiyalıq birlikler qaraqalpaq tiliniń semantikalıq sistemasında ayrıqsha orın iyeleydi. Olar insan sezimlerin obrazlı, tásirsheń hám milliy-mádeniy ózgeshelikler tiykarında bildiriw imkaniyatın beretuǵın áhmiyetli frazeologiyalıq qatlamdı quraydı. Bul birliklerdiń semantikalıq analizi til hám pikirlew arasındaǵı úzliksiz baylanıstı jáne de tereńirek ańlawǵa xızmet etedi.

**JUWMAQ**

Izertlew nátiyjeleri qaraqalpaq tilinde sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologiyalıq birlikler xalıqtıń sezim dúnyasın, milliy oy-pikirin hám mádeniy qádiriyatların sáwlelendiriwshi áhmiyetli til quralları ekenligin kórsetti. Frazeologizmler insannıń quwanısh, qayǵı, qorqınısh, tolqınlanıw, táshwish hám tańlanıw sıyaqlı hár qıylı ruwxıy jaǵdayların obrazlı hám tásirsheń túrde sáwlelendiriwi anıqlandı. Frazeologiyalıq birliklerdiń mánis-mazmunı kóshpeli máni, metaforalıq súwretlew hám emocionallıq-ekspressivlik tiykarında qáliplesiwi olardıń tildiń basqa birliklerinen ajıralıp turatuǵın tiykarǵı ózgesheliksleriniń biri ekenligi baqlandı. Ásirese, júrek, kewil, kóz, bas sıyaqlı somatikalıq komponentler sezimlik jaǵdaylardı bildiriwde belsene qatnasıp, insan sezimleriniń xalıq oy-pikirinde qalay konceptuallastırılǵanlıǵın kórsetedi.

Sezim mánisin bildiriwshi frazeologizmler tek ǵana emocionallıq jaǵdaylardı bildiriw emes, al sóylewdiń obrazlılıǵın, tásirsheńligin hám kórkemligin kúsheytiwge de xızmet etetuǵını anıqlandı. Usı jaǵınan olar qaraqalpaq tiliniń semantikalıq hám stillik múmkinshiliklerin bayıtatuǵın áhmietli frazeologiyalıq qatlam bolıp tabıladı.

Juwmaqlap aytqanda, sezim kategoriyasın bildiriwshi frazeologiyalıq birlikler xalıqtıń ásirler dawamında qáliplesken turmıslıq tájiriybesi, ruwxıy dúnyası hám milliy mádeniyatınıń tildegi ayqın kórinisi bolıp tabıladı. Olardı tereń úyreniw frazeologiya, semantika hám lingvokulturologiya tarawlarınıń áhmietli máselelerin sáwlelendiriw menen birge, qaraqalpaq tiliniń bay frazeologiyalıq miyrasın ilimiy jaqtan izertlew hám keleshek áwladlarǵa jetkeriwde úlken áhmiyetke iye.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1.Berdimuratov E. Házirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. Nókis, 1994.
2. Eshbaev J. Qaraqalpaq tiliniń qısqasha frazeologiyalıq sózligi. Nókis, 1985.
3.Jukov V. Russkaya frazeologiya. M., 1986.

4.Keńesbaev S. Qazaq tiliniń frazeologiyalıq sózligi. Almatı, 1973.
5.Qojaqmetova X. Frazeologizmderdiń kórkem ádebiette qoldanılıwı. Alma-ata, 1972.

INNOVATIVE ACADEMY